

Ou Pa Sèten Kilè pou w itilize 988?

Men kèk nan santiman moun ki kontakte 988 yo genyen:

"Mwen santi mwen pou kont mwen"

"Mwen pa santi mwen menm"

"Mwen bezwen pale"

"Mwen boulvèse"

Kèk rezon ki fè moun ka kontakte nou:


- Panse pou yo touye tèt yo
- Dejwe
- Yo Enkyete pou Yon Lòt Moun
- Pwoblèm Manje ak Imaj Kò
- Pwoblèm Relasyon
- Yo Enkyete pou Tout Bagay (Anksyete Jeneral)
- Estrès ki gen Rapò ak Covid-19
- Abi
- Twomatis
- Solitid
- Ensomni oswa difikilte pou dòmi
- Pwoblèm pou Reflechi Byen
- Gwo Chanjman nan Imè

988 se Plis pase yon Nimewo

Se yon koneksyon dirèk pou w resevwa swen avèk konpasyon epi ki aksesib.


Lè w rele, voye tèks oswa chat ak 988, ou konekte ak yon ekip konseye ki resevwa fòmasyon, ki fè pati rezo Liy Nasyonal pou Prevansyon Swisid (National Suicide Prevention Lifeline).

There is hope.



Liy pou Sove Lavi (Lifeline) Nan moman Kriz 988

Yon Nouvo Resous pou Moman Kriz nan New York



Office of
Mental Health

988 SUICIDE & CRISIS
LIFELINE

Kesyon Moun Poze Souvan

Kisa 988 la ye?

988 se nouvo nimewo twa chif ki konekte moun ak Liy Nasyonal pou Prevansyon Swisid (National Suicide Prevention Lifeline). Sèvis sa a se pou nenpòt moun ki:

- anvi touye tèt yo
- ki fè yon kriz sante mantal oswa ki gen rapò ak itilizasyon alkòl ak dwòg
- k ap viv nenpòt kalite detrès emosyonèl

Ki diferans ki genyen ant 988 ak 911?

988 bay yon aksè fasil nan rezo Liy Nasyonal pou Prevansyon Swisid (National Suicide Prevention Lifeline network) ak resous ki gen rapò ak kriz yo. Sa a diferan ak 911, kote yo konsantrè sou deplwaye Sèvis Medikal nan ka ljan, ponpye ak lapolis, selon sa ki nesese. Objektif 988 la se reponn ak bezwen k ap ogmante pou swen nan moman kriz ki gen rapò ak swisid ak sante mantal nan peyi a.

Èske sa koute lajan pou yon moun itilize 988?

Kontakte 988 se yon sèvis gratis.

Talk with us.



Aprann
SIY
AVÈTISMAN
Swisid yo:

Chèche ENFÒMASYON yo:

SANTIMAN - Sanzespwa, twòp enkyetid, fado, rejè, san valè

AKSYON - San cho, fè tèt ou mal, konsomasyon alkòl ak dwòg k ap ogmante, bay sa w posede, chèche yon mwayen pou mouri tankou sere medikaman, jwenn aksè ak yon zam oswa chache pou touye tèt ou sou entènèt

CHANJMAN - Sitou lè gen lòt siy avètisman; chanjman nan atitid, imè, konpòtman, oswa koneksyon sosyal; chanjman ki parèt toudenkou nan abitud dòmi oswa manje

MENAS - Pawòl klè oubyen vag oswa nenpòt pawòl sou lanmò oswa swisid; li ka alekri, pwononse aloral, aktivite sou rezo sosyal oswa menas ak jès san pawòl

SITIYASYON - Chanjman nan lavi ki lakòz moun nan boulvèse, pa prepare oswa eksite, tankou yon pèt ki pèsone a li menm, yon rapò ak lanmò, joure (pèsekisyon) oswa abi, echèk oswa vin gen pwoblèm

Kisa k ap pase Lè Mwen Kontakte 988?



Ou **RELE 988.**

Y ap mande w si w bezwen sèvis espesyalman pou veteran oswa an panyòl.



Ou **VOYE MESAJ TÈKS NAN 988.**

Yo voye kontak ou a nan yon sant ofisyèl pou kriz Lifeline selon kòd zòn ou an.



Ou **TCHAT ak 988.**

Yo voye kontak ou a nan yon sant ofisyèl pou kriz Lifeline selon adrès IP ou.

Yon konsèyè sou kriz sante konpòtmantal ki resevwa fòmasyon pral pale avèk ou.

Konsèyè a pral:

- Koute ou.
- Konprann ki jan pwoblèm ou an afekte ou.
- Ba w sipò pèsone.
- Jwenn èd ou bezwen an.

Yo ka ofri w sèvis swivi.

Kounye a w ap ka tchat oswa tèks nan lang anglè sèlman.